



# Miami-Dade County Public Schools

*giving our students the world*

**Superintendent of Schools**  
Alberto M. Carvalho

**Miami-Dade County School Board**  
Dr. Lawrence S. Feldman, Chair  
Dr. Marta Pérez, Vice Chair  
Dr. Dorothy Bendross-Mindingall  
Susie V. Castillo  
Dr. Steve Gallon III  
Perla Tabares Hantman  
Dr. Martin Karp  
Lubby Navarro  
Mari Tere Rojas

19 me 2017

Chè Paran/Gadyen:

“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) pran devan nan ofri e bay aksè a pwogram edikasyonèl ki ekselan. Elèv nan tout nivo ane eskolè pral gen opòtinite pou patisipe nan sèvis edikasyonèl nan andwa lekòl nou chwazi pandan sesyon ete a ki pwograme pou 5 jiyè – 1ye out 2017. Sèvis sa yo fèt pou bay elèv sipò pou yo jwenn siksè nan satisfè demand akademik nan nivo ane eskolè yo.

Nan lis anba a w ap jwenn kritè elijibilite ak enfòmasyon sou pwogram pou elèv nou chwazi yo:

- “Voluntary Pre-Kindergarten (VPK)” (Klas Matènèl Volontè) ete disponib pou elèv laj katran/senkan ki pat patisipe nan pwogram VPK pandan ane lekòl regilye a.
- Kan Lekti Ete Elèv Twazyèm Ane Eskolè disponib pou elèv ki pa pase twazyèm ane eskolè ak elèv nou chwazi ki pral antre nan twazyèm ane eskolè (ki sou Lis Elijibilite pou Sèvis Ete pou Elèv ki Pral Antre nan 3yèm Ane Eskolè). Nou ap notifiye paran elèv ki elijib yo atravè yon lèt enskripsyon pou ete.
- Elèv sizyèm, setyèm ak uityèm ane eskolè ki swa bezwen rebran yon kou yo pat pase OUBYEN ki manke yon kou yo mande pou yo pase ka patisipe nan lekòl ete.
- Elèv nan 9yèm-12yèm ane eskolè ki pral enskri tou nan Edikasyon Adilt pou kou ratrapaj ak pou yo pase/gradye.
- Elèv ki gen andikap ki satisfè kritè elijibilite ka patisipe nan tout sèvis ete disponib ki apwopriye ak ane eskolè yo, tankou Sèvis “Extended School Year (ESY)” (Ane Lekòl Pwolonje), ki ann akò avèk “Individualized Educational Plan (IEP)” (Plan Edikasyonèl Endividyalize).
- Elèv migran, imigran ki sibi neglijan ak delenkan ka patisipe nan pwogram espesyalize.

## **Orè Lekòl Ete**

Lekòl Ete 2017 la ap fonksyone pou yon total 20 jou kòmanse mèkredi 5 jiyè 2017 jiska madi 1ye out 2017. Pap gen klas madi 4 jiyè 2017. Pap gen klas madi 4 jiyè 2017. Jounen enstriksyonèl pou elèv lekòl elemantè ak sant K-8 (elèv twazyèm ane eskolè) ap genyen senk (5) èdtan ak kenz minit pou elèv. Jounen enstriksyonèl pou lekòl mwayen ap genyen twa (3) èdtan pou elèv. Orè elèv la se sa ki ap suiv la:

|  |                                   |
|--|-----------------------------------|
| Lekòl Elemantè ak Sant K-8 (Elèv Twazyèm Ane Eskolè) | 8:35 dimaten – 1:50 nan aprèmidi  |
| Sant K-8 (6yèm-8yèm Ane Eskolè)                      | 8:35 dimaten – 11:35 dimaten      |
| Lekòl Mwayen (6yèm-8yèm Ane Eskolè)                  | 9:20 dimaten – 12:20 nan aprèmidi |

## **Kou Akademik/Anrichisman Nou Ofri pou Ete a**

Elèv nan 4yèm-12yèm ane eskolè ka enskri nan yon varyete aktivite edikasyonèl, rekreyasyonèl, kiltirèl, sosyal, anrichisman ak kou ratrapaj pou pase/gradye, jan li apwopriye, yo ofri atravè diferan depatman Distri a.


Nou ap ofri pwogram kan ete yo nan lekòl elemantè ak lekòl mwayen nou chwazi. Ou ka jwenn enfòmasyon sou pwogram kan ete yo nan [http://sacc.dadeschools.net/SummerCamps/retrieve\\_summer\\_school.asp](http://sacc.dadeschools.net/SummerCamps/retrieve_summer_school.asp) oubyen nan kontakte Biwo Pwogram Edikasyon Kominotè nan 305 817-0014.

Distri a pral ofri lyen pou aplikasyon, zouti, ak jwèt sou Entènèt, elèv ka jwenn aksè 24/7 atravè Pòtal Elèv la. Resous sa yo pral pèmèt elèv nan K-12 ane eskolè pratike e aplike sa yo te aprann pandan ane lekòl la e eksplòre nouvo konsèp.

## **Pwogram Estaj Ete pou Jèn**

“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) ak “Foundation for New Education Initiatives (FNEI)” (Fondasyon pou Nouvo Inisyativ nan Edikasyon) pral kolabore avèk Miami-Dade County (County) ak Children’s Trust pou agrandi Pwogram Estaj Ete pou Jèn nan County a atravè Pwogram Estaj pou Jèn nan Distri a. Inisyativ sa a ap ofri jèn opòtinite edikasyonèl, eksperyans travay, ak fòmasyon adisyonèl atravè yon estaj ki ap peye yo. Anplis yo resevwa “stipends” (finans siplemantè), patisipan nan pwogram nan pral resevwa tou kredi pou lekòl segondè e nou ap ba yo opòtinite pou resevwa kredi anwolman doub atravè Kolèj Miami Dade. Pou plis enfòmasyon, silvouplè rele nan Liy Telefòn Pwogram Estaj pou Jèn nan Distri a nan 305 693-3005.

Sensèman,



Alberto M. Carvalho  
Sipèentandan Lekòl yo

AMC:rhj  
L1062

cc: Avoka Komisyon Konsèy Lekòl la  
Kabinè Sipèentandan an  
Anplwaye Kad Siperyè Sipèentandan an